



Jen 2019

Chè Paran/Responsab,

Apati 13 jen 2019, lekòl leta, prive ak relijye ak pwogram gadri nan Nouyòk pa ka aksepte demand pou fè eksepsyon ankò akòz relijyon nan kritè pou vaksen lekòl yo. Lwa sa a aplike pou elèv ki nan pre-kindergarten rive klas 12yèm ane ak pou tout lokal gadri. Lekòl ak pwogram gadri yo pral kontinye aksepte eksepsyon medikal.

Timoun ki nan pwogram ete oswa nan pwogram tout ane a

Timoun ki te gen yon eksepsyon akòz relijyon l epi ki pral nan gadri oswa nan lekòl leta, prive oswa relijye nan ete a dwe pran kounye a premye doz vaksen ki apwopriye pou laj yo nan chak seri vaksen yo 28 jen 2019 pou pi ta pou yo ka ale oswa rete nan lekòl oswa nan gadri. Anplis, 14 jiyè 2019 pou pi ta, paran ak responsab timoun sa yo dwe montre yo gen randevou pou tout dòz swivi ki obligatwa yo.

Timoun ki lekòl jiska fen ane lekòl la epi k ap retounen nan ane lekòl 2019-20 la

Elèv yo dwe ranpli kondisyon pou vaksen yo pou yo ka ale lekòl. Elèv ki pa resevwa tout vaksen ki obligatwa yo dwe pran premye dòz chak seri vaksen yo nan espas 14 jou kalandriye apre premye jou lekòl la oswa apre yo fin ale nan gadri. Nan espas 30 jou kalandriye apati premye jou lekòl la, paran oswa responsab yo timoun sa yo pral bezwen montre tou yo gen randevou pou tout dòz swivi yo. Gen yon rezime lis nouvo kondisyon vaksen pou lekòl pou ane lekòl 2019-20 an pi ba a.

Tout elèv ki nan gadri rive 12yèm ane dwe ranpli kondisyon pou vaksen ki pi ba yo:

- DTaP (difteri, tetanòs, koklich)
- Viris polyo (Poliovirus)
- Saranpyon, malmounton, woujòl (MMR)
- Varisèl (chickenpox)
- Epatit B (Hepatitis B)

Timoun ki poko gen laj 5 lane ki nan gadri ak pre-kindergarten dwe ranpli tou kondisyon pou vaksen sa yo:

- Hib (*Haemophilus influenzae* type b)
- Maladi nemokòk (pneumococcal disease, PCV)
- Influenza (grip): Timoun yo dwe resevwa vaksen grip 31 desanm 2019 pou pi ta

Timoun ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane dwe tou ranpli kondisyon pou vaksen sa yo:

- Dòz rapèl Tdap (tetanòs, difteri ak koklich)
- MenACWY (maladi menengokòk)

Tanpri gade abitud ki genyen nan vaksen pitit ou a pran avèk doktè l. Doktè l ka di l si pitit ou a bezwen lòt dòz oswa yonn oswa plizyè vaksen pou li ka ale oswa rete nan gadri oswa lekòl. Ale sou schools.nyc.gov epi chèche "vaksen" (immunizations) pou jwenn yon lis konplè tout vaksen ki obligatwa yo. Li pa posib pou pitit ou a vaksen l nan men doktè l. depatman sante gen yon klinik pou vaksen san randevou nan (www1.nyc.gov/site/doh/services/immunization-clinics.page).

Si w gen kesyon sou kondisyon sa yo, kontakte sant gadri w la oswa direksyon lekòl ou a.